




ANKRE

VESYON POU ADILT YO



CHURCH AT THE CROSS

Bonjou frè m ak sè m yo! Nou kontan prezante nouvo ti liv devosyon sa yo. Liv devosyon sa yo fèt pou konplete seri sèmon/predikasyon aktyèl nou yo epi ankouraje yon angajman ki pi pwofon nan kominote legliz nou yo. Chak semèn nap jwenn 5 lekti ak devosyon, 1 pou chak jou ki byen fèt e ki konekte ak tèm sèmon dimanch chak semèn yo. Lè nou nourri nanm nou ansanm nan devosyon sa yo, sa ap pèmèt nou gen yon legliz ki inifye epi sa ap amelyore konpreyansyon ak aplikasyon kolektif nou nan Pawòl Bondye a.

Chak devosyon genyen yon lekti debaz ki koresponn ak yon vèsè pou memorize, ki ankouraje nou plonje tèt nou nan Pawòl Bondye a chak jou. Pou gide etid nou an, nou pral itilize metòd S.E.A.R. a, ki vle di Soulinye, Eksplike, Aplike, epi Reponn. Nap jwenn plis eksplikasyon sou metòd sa a nan pwochen paj la epi nap jwenn yon apwòch estriktire k ap ede nou reflechi sou Lekriti yo epi entènalize yo, sa vle di mete yo andedan nou.

Anplis de sa, chak semèn, devosyon sa yo prepare nou pou predikasyon nan dimanch k ap vini an. Sa ban nou opòtinite pou nou reflechi sou tèm ak sijè komen ki pral devlope nan prèch la. Lè nou etidye tèm sa yo pandan tout semèn nan, nou ka rive nan sèvis dimanch yo ak yon konpreyansyon pi pwofon ak yon preparasyon pou nou angaje nou ak etid tèks prensipal la.

Espwa nou se ke ti liv devosyon sa yo pa sèlman ap apwofondi lafwa pèsonèl nou, men tou, ap ranfòse lyen kolektif nou kòm yon fanmi legliz. Lè nou angaje nou nan menm pasaj bibliik ak tèm yo, sa ap ban nou kapasite pou sipòte ak ankouraje youn lòt nan kwasans esprityèl nou. Ann komanse vwayaj sa a ansanm, pandan ke nap chèche vin pi pre Bondye ak e pi pre youn ak lòt atravè Pawòl Li.

Metòd S.E.A.R. a se yon bon zouti pou etidye epi eksplòre Pawòl Bondye a. Jan yo eksplike anba a, ou ka itilize metòd sa a kòm yon gid pou ou li Bib ou chak jou ou.

S

Pandan w ap li chak pasaj, kapab gen plizyè vèsè ak mo ki make ou oubyen ki kapte atansyon ou. Souliye yo epi ekri yo si ou ta vle. Ou ka menm ba yo yon tit ki gen yon siyifikasyon pèsonèl pou ou.

E

Eksplike sa tèks la vle di. Poukisa li te ekri? Pou ki moun li te ekri okòmansman? Ki rapò li gen ak vèsè ki vini anvan ak apre li yo? Kisa Sentespri a gen entansyon kominiye nan tèks sa a?

A

Aplike. Ekri 2 a 5 fraz sou kijan tèks la aplike nan lavi ou. Sa konekte tèks ansyen an ak lavi modèn ou. Poze kesyon tankou: Kijan sa ka ede m? Kisa vèsè sa yo vle di pou nou jodi a? Ki jan mwen ka aplike vèsè sa nan lavi mwen? Kisa Bondye ap di mwen nan vèsè sa ?

R

Repons Reponn pasaj ou sot li a. Repons ou yo ka pran diferan fòm epi chanje de jou an jou, selon jan ou li pasaj la. Li ka yon priyè, swa pou lavi ou oswa pou yon lòt moun. Ou ka ekri yon seri de aksyon espesifik ou bezwen pran. Ou ka dekri kijan pasaj la konvenk ou pou chanje. Kenbe nan tèt ou ke repons ou bay pasaj la se pou ou menm sèlman, pa pou lòt moun oswa pou sosyete a an jeneral.

ANKRE NAN LAPRIYE

Tèks pou Li : **Matye 6:5-13**

Vèsè pou memorize: **Women 12:12**

Jezi anseye nou kijan pou nou priye, pa sèlman sa pou nou di. Nan Matye 6:5-13, Li mete nou angad kont repetisyon vid ak priyè kap fè grandizè. Okontrè, Li ban nou Priyè Senyè a—yon modèl ki santre sou sentete Bondye, volonte Li, bezwen chak jou nou yo, padon, ak pwoteksyon espirityèl. Priyè sa a pa yon fòmil, men yon fondasyon pou yon relasyon ak Papa nou. Jezi envite nou pwoche bò kote Bondye avèk reverans ak onètete, ak konfyans pou chak bezwen nou yo. Lè nou priye, nou ankre kè nou nan karaktè ak pwomès Bondye, non pa nan sikonstans nou yo. Lapriyè se pa enpresyone lòt moun oswa manipile Bondye, men se alinye kè nou ak kè pa Bondye. Pandan n ap kòmanse semèn sa a, ann sonje ke lapriyè se yon kado—yon fason pou nou konnen Bondye pwofondman epi depann de Li chak jou.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki jan Priyè Senyè a fòme konpreyansyon ou sou sa ki pi enpòtan nan lapriyè?
- Nan ki fason ou ka fè priyè ou yo pi onèt e santre sou Bondye semèn sa a?

ANKRE NAN PREZANS BONDYE

Tèks pou Li : **Som 145:17-21; Filipyen. 4:4-7**

Vèsè pou memorize: **Women 12:12**

“Lapriyè se pa sèlman mande Bondye bagay nou gen bezwen— lapriyè vle di rete avèk Bondye, rete nan prezans Bondye. Sòm 145:17-21 fè nou sonje ke “Senyè a toupre tout moun ki rele l, toupre tout moun ki rele l ak tout kè yo.” Bondye pran plezi nan priyè nou yo epi li pwomèt pou l pre nou lè nou chèche l sensèman, ak tout kè nou. Filipyen 4:4-7 ankouraje nou pou nou pote tout bagay bay Bondye nan lapriyè, avèk remèsiman, epi li pwomèt ke lapè li ap pwoteje kè nou ak lespri nou. Lè lavi a santi l akablan, lapriyè ankre nou nan prezans Bondye ki pa janm chanje a. Nou pa oblije pote chay nou yo pou kont nou. Okontrè, nou ka rejwi, gen pasyans, epi rete konstan nan lapriyè (Women 12:12), paske nou konnen Bondye tande epi li ap pran swen nou. Pandan w ap priye jodi a, konsantre mwens sou pawòl yo epi konsantre w plis sou prezans Bondye avèk ou. Kite prezans Bondye rekonfòte w epi fòtifye w.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kilè ou te santi prezans Bondye plis pandan w tap lapriyè?
- Ki chay ou bezwen pote bay Bondye jodi a, fè l konfyans pou l ba ou lapè?

➤ Soulinye ➤ Eksplike ➤ Aplike ➤ Reponn

PWOMES BONDYE YO

Tèks pou Li : 1 Jan 5:13-15; Ebre 4:14-16

Vèsè pou memorize: Women12:12

Lapriyè gen pouvwa paske li anrasinen nan pwomès Bondye yo, pa nan pèfòmans nou oubyen nan sa nou ka fè. Nan 1 Jan 5:13-15, nou gen asirans ke si nou mande nenpòt bagay dapre volonte Bondye, Li tande nou. Konfyans sa a soti nan konnen Jezi, ki ban nou aksè a Papa a. Ebre 4:14-16 raple nou ke Jezi se gran Gran Prèt nou an ki konprann feblès nou yo. Gras a li, nou ka pwoche bò twòn Bondye a avèk kran, avèk asirans, nou ka jwenn mizèrikòd ak gras nan moman nou bezwen yo. Ankre priyè nou yo nan pwomès Bondye yo vle di nou priye avèk lafwa, nou fè Bondye konfyans ke li kapab e li vle reponn dapre sajès pafè li. Menm lè repons yo sanble an reta oswa diferan de sa nou te espere a, nou ka rete konstan nan lapriyè (Women 12:12), paske nou konnen Bondye fidèl e li konnen kisa ki pi bon pou nou. Kite pwomès li yo fòme priyè ou yo jodi a—priye avèk kran, avèk konfyans nan bonte li.

PRIYÈ KOMINOTÈ

Tèks pou Li: **Travay 2:42-47; Jak 5:13-16**

Vèsè pou memorize: **Women 12:12**

Lapriyè se pa sèlman yon disiplin prive—se yon “lank” ki pataje ak tout legliz la. (“Lank”se yon objè lou yo itilize pou mare batiman nan fon lanmè a. Lapriyè se poto mitan ki kenbe nou tout ansanm). Nan Travay Apot yo 2:42-47, premye kwayan yo te konsakre tèt yo nan lapriyè ansanm, epi Bondye te aji avèk puisans nan mitan yo. Inite yo nan lapriyè te pote ankourajman, mirak, ak yon kominyon pwofon. Jak 5:13-16 mande nou pou nou priye youn pou lòt, konfese peche nou yo, epi chèche gerizon ansanm. Bondye te kreye nou pou nou pote chay youn lòt epi pou nou fè eksperyans prezans Li nan kominote a. Lè nou priye ak lòt kwayan yo, sa ranfòse lafwa nou, epi li fè nou sonje ke nou pa poukont nou nan lit nou yo oswa nan lajwa nou yo. Lapriyè kominotè a ankre nou nan lanmou Bondye ak sipò pèp Li a. Pandan w pral priye jodi a, eseye rele yonn ou plizyè moun pou priye avèk yo oswa pou priye pou yo. Ann priye san rete (Women 12:12), pa sèlman pou tèt nou, men tou pou frè ak sè nou yo nan Kris la.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Nan ki fason priye ak lòt moun te ede ou lafwa ou?
- Ki moun ou ka ankouraje oswa priye pou li semèn sa a kòm yon pati nan kominote espirityèl ou a?

➤ Soulinye ➤ Eksplike ➤ Aplike ➤ Reponn

PÈSEVERE NAN LAPRIYÈ

Tèks pou Li: [Lik 18:1-8](#); [Kolosyen 4:2-4](#)

Vèsè pou memorize: [Women 12:12](#)

Jezi te konnen lapriyè ka parèt pafwa dekourajan, sitou lè repons yo sanble pran anpil tan pou yo vin. Nan Lik 18:1-8, Jezi rakonte yon parabòl sou yon vèv ki te pèsiste epi ki te kontinye al jwenn jij la jiskaske li te jwenn jistis. Mesaj Jezi a klè: “toujou priye epi pa janm dekouraje.” Bondye pa tankou jij enjis la—Li renmen nou epi li atantif a demand nou yo. Kolosyen 4:2-4 ankouraje nou pou nou “dedye tèt nou nan lapriyè, pou nou veye epi pou nou rekonesan.” Pèseverans nan lapriyè ankre nou nan moman kote nap tann repons yo, nan moman nou doute yo, oswa nan difikilte yo. Se pa yon kesyon de fatigue Bondye, men se yon kesyon de grandi nan konfyans ak depandans nou sou li. Lè nou rete konstan nan lapriyè (Women 12:12), prezans ak pwomès Bondye yo fòme nou, menm lè nou pa wè rezilta imedyat yo. Pa pèdi kouraj—Bondye tande nou wi, li pran swen nou, epi lap reponn nan moman pafè a, nan pi bon moman an. Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou? Ki kote ou bezwen pèsevere nan lapriyè, menm si ou poko wè yon repons? Ki jan ou ka fè tèt ou sonje fidelite Bondye pandan w ap tann li nan lapriyè? Paj 9 Pawòl Bondye a pa sèlman literati ansyen—li vivan e aktif, li fòme kè nou e li gide lavi nou. Sòm 119:97-105 montre yon lanmou pwofon pou Pawòl Bondye a, li dekri li kòm sajès, pwoteksyon, ak yon limyè kap gide nou. Salmis la pran plezi nan kòmandman Bondye yo, li jwenn yo pi dous pase siwo myèl e pi presye pase lò. 2 Timote 3:16-17 raple nou ke tout Lekriti/Pawòl Bondye a enspire pa Bondye menm e Pawòl la itil pou anseye nou, korije nou, ak fòme nou nan jistis. Lè nou ankre lavi nou nan Pawòl Bondye a, nou ekipe pou tout bon travay e nou pwoteje kont konfizyon mond lan. Pawòl Bondye a klere chemen nou, li montre nou kijan pou nou viv yon fason ki onore Bondye. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, mande Bondye pou l ba ou yon nouvo grangou pou Pawòl Li ak yon kè ki pare pou obeyi Li.

- What is one thing that you saw in today's passage that you can apply to your own life?
- Where do you need to persldantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou? Nan ki fason Pawòl Bondye a te yon "lanp" oswa yon "limyè" nan lavi ou dènyèman? Ki sa ou ka fè pou w fè Pawòl Bondye a yon "lanp/poto mitan" chak jou nan desizyon ak nan atitid ou yo?
- evere in prayer, even if you haven't seen an answer yet?
- How can you remind yourself of God's faithfulness as you wait on Him in prayer?

ANKRE EKRTI YO – BIB LA

Tèks pou Li: **Som 119:97-105; 2 Timote . 3:16-17**

Vèsè pou memorize: **Som 119:105**

Pawòl Bondye a pa sèlman literati ansyen—li vivan e aktif, li fòme kè nou e li gide lavi nou. Sòm 119:97-105 montre yon lanmou pwofon pou Pawòl Bondye a, li dekri li kòm sajès, pwoteksyon, ak yon limyè kap gide nou. Salmis la pran plezi nan kòmandman Bondye yo, li jwenn yo pi dous pase siwo myèl e pi presye pase lò. 2 Timote 3:16-17 raple nou ke tout Lekriti/Pawòl Bondye a enspire pa Bondye menm e Pawòl la itil pou anseye nou, korije nou, ak fòme nou nan jistis. Lè nou ankre lavi nou nan Pawòl Bondye a, nou ekipe pou tout bon travay e nou pwoteje kont konfizyon mond lan. Pawòl Bondye a klere chemen nou, li montre nou kijan pou nou viv yon fason ki onore Bondye. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, mande Bondye pou l ba ou yon nouvo grangou pou Pawòl Li ak yon kè ki pare pou obeyi Li.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Nan ki fason Pawòl Bondye a te yon "lanp" oswa yon "limyè" nan lavi ou dènyèman?
- Ki sa ou ka fè pou w fè Pawòl Bondye a yon "lank/poto mitan" chak jou nan desizyon ak nan atitud ou yo?

MACHE NAN VERITE A

Tèks pou Li: Jan 8:31–36; Som 19:7–11

Vèsè pou memorize: Som 119:105

Jezi te di: “Si nou rete nan pawòl mwen, nou se vrèman disip mwen. N ap konnen verite a, epi verite a ap libere nou” (Jan 8:31–32). Pawòl Bondye a se sous verite a nan yon mond ki plen ak opinyon enstab e plen ak konfizyon. Sòm 19:7–11 dekri Pawòl Bondye a kòm pafè, diy de konfyans, dwat, epi radyan—ki remete vi nan nanm nou epi ki met lajwa nan kè nou. Kòmandman Bondye yo avèti nou, gide nou, epi ofri gwo rekonpans bay moun ki swiv yo. Lè nou ankre tèt nou nan verite Lekriti Sent yo, nou libere anba manti ki mare nou yo—kit se manti sou valè nou, objektif nou, oswa karaktè Bondye. Pawòl Bondye a se yon lanp ki fè nou wè kibò nap mete pye nou ak yon limyè pou klere chemen nou (Sòm 119:105), ki montre nou sa ki reyèl ak fyab. Kite verite Pawòl Bondye a fòme idantite ou ak chwa ou yo jodi a.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki manti oswa mwatye verite ou bezwen ranplase ak verite Bondye ki soti nan Lekriti Sent yo?
- Ki jan ou ka fè respè pou Pawòl Bondye a tounen yon bagay regilye nan woutin chak jou ou yo?

PWOMÈS BONDYE YO

Tèks pou Li : Ezayi 40:6-11; 2 Pye 1:3-8

Vèsè pou memorize: Som 119:105

Lavi a plen ak ensètitud, men pwomès Bondye yo nan Bib la pa chanje. Ezayi 40:6-11 fè nou sonje ke "zèb la seche, flè a fennen, men pawòl Bondye nou an ap la pou tout tan."

Pawòl Bondye a dirab e li merite konfyans nou, li ofri yon espwa ki dire pi lontan pase tout sezon. Nan 2 Pye 1:3-8, nou aprann ke Bondye ban nou tout sa nou bezwen pou lavi ak pou nou gen sentete atravè presye pwomès li yo. Pwomès sa yo ankre e fè nou kanpe djanm nou lè nou fè fas ak eprè, dout, oswa tantasyon. Yo fè nou sonje fidelite Bondye, puisans li, ak lanmou li. Lè nou kenbe fèm nan Bib la, nou pa kite santiman nou oswa sikonstans nou yo balanse nou. Okontrè, nou grandi nan lafwa, karaktè, ak pèseverans. Pawòl Bondye a se yon lanp pou pye nou ak yon limyè pou chemen nou (Sòm 119:105), li gide nou ak pwomès ki pa janm echwe.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki pwomès nan Pawòl Bondye a ou bezwen plis kenbe jodi a?
- Kijan ou ka fè tèt ou sonje pwomès Bondye yo lè w ap fè fas ak ensètitud oswa laperèz?

MACHE NAN OBEYISANS

Tèks pou Li : Jak 1:19–25; Jozye 1:7–9

Vèsè pou memorize: Som 119:105

Li pa sifi pou nou annik tande oswa li Pawòl Bondye a—vrè ankraj la vini lè nou mete l an pratik. Jak 1:19–25 egzòte nou pou nou “fè sa Pawòl la mande, pa sèlman koute li.” Lè nou obeyi Lekriti yo, nou fè eksperyans benediksyon ak kwasans esprityèl. Jozye 1:7–9 montre Bondye k ap kòmande Jozye pou l fò epi brav lè l medite sou Liv Lalwa a epi obeyi li. Bondye pwomèt siksè nan volonte li ak prezans li bay moun ki swiv Pawòl li ak tout kè yo. Obeyisans pa gen rapò ak legalis, men ak konfyans ke chemen Bondye yo se pi bon chwa a. Lè nou kite Lekriti yo gide aksyon nou, atitid nou ak desizyon nou, nou jwenn estabilite ak yon objektif nan tout sa nap fè. Pawòl Bondye a se yon lanp pou pye nou ak yon limyè pou chemen nou (Sòm 119:105), ki montre nou chemen pou nou avanse pandan n ap mache nan obeyisans.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Nan ki aspè nan lavi ou Bondye ap rele ou pou ou obeyi Pawòl li pi plis?
- Ki etap pratik ou ka pran semèn sa a pou viv sa w ap aprann nan Lekriti Sent yo?

REZISTE TANPÈT YO

Tèks pou Li: **Matye 7:24-29, Sòm 46:1-7**

Vèsè pou memorize: **Sòm 119:105**

Jezi rakonte yon istwa nan Matye 7:24-27 sou de bòs mason—youn ki saj, youn ki sòt. Moun ki saj la tande pawòl Jezi yo epi li mete yo an pratik, li bati kay li sou wòch. Lè tanpèt vini, kay li rete fèm. Moun ki sòt la inyore pawòl Jezi yo epi li bati sou sab; lè pwoblèm frape, kay li kraze.

Tanpèt lavi yo—lapenn, pèt, tantasyon, desepsyon—bagay sa yo inevitab. Men, lè nou ankre lavi nou nan Lekriti Sent yo, nou gen yon fondasyon solid ki pa ka brannen. Sòm 46:1-7 raple nou ke Bondye se refij ak fòs nou, li toujou la pou ede nou nan pwoblèm yo. Kèlkeswa sa k rive, Pawòl Bondye a se yon lanp pou pye nou ak yon limyè pou chemen nou (Sòm 119:105), li gide nou nan fènwa ak ensètitud. Lè w ap fini semèn sa a, sonje: ankre lavi w nan Lekriti Sent yo prepare w pou w kanpe fèm, kèlkeswa tanpèt ou rankontre.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki "tanpèt" w ap fè fas kounye a, e kijan Pawòl Bondye a ka ede ou rete fèm?
- Kijan ou ka ankouraje yon lòt moun pou ankre lavi yo nan Lekriti Sentespri semèn sa a?

ANKRE NAN EVANJELIZASYON

Tèks pou Li: Matye 28:16–20; Travay 1:8;

Vèsè pou memorize: 1 Pyè 3:15

Dènye pawòl Jezi te di disip li yo te klè: “Ale fè disip nan tout nasyon” (Matye 28:19). Evanjelizasyon pa sèlman pou yon ti ponyen moun—se apèl chak kwayan. Evanjelizasyon se pataje bon nouvèl Jezikri a—lavi li, lanmò li ak rezirèksyon li—ak lòt moun, envite yo fè l konfyans pou padon peche yo ak resevwa lavi etènèl. Jezi pwomèt prezans ak puisans li pandan n ap pataje levanjil la (Matye 28:20; Travay Apot yo 1:8). Ankre lavi nou nan Gran Komisyon an vle di nou wè chak relasyon ak opòtinite kòm yon chans pou nou dirije lòt moun vè Kris. Nou pa bezwen ekspè; nou jis bezwen dispoze epi disponib. 1 Pyè 3:15 raple nou pou nou toujou pare pou nou pataje rezon esperans nou an nan Kris la, fè sa avèk dousè ak respè.

Evanjelizasyon pa gen rapò ak genyen anpil agiman, men se pataje lanmou Jezi a ki chanje lavi moun ki kwè nan Li. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, mande Bondye pou l ba w yon kè pou moun ki pèdi yo ak kouraj pou w pale de lafwa w.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki laperèz oswa baryè ki anpeche ou pataje lafwa ou ak lòt moun?
- Ki moun nan antouraj ou ki bezwen tande espwa levanjil la, e kijan ou ka kòmanse priye pou yo?

MESAJ LEVANJIL LA

Tèks pou Li: Women 1:16–17; 1 Korentyen . 15:1–8

Vèsè pou memorize: 1 Pye 3:15

Kè oubyen Poto mitan evanjelizasyon an se Levanjil la—Bon Nouvèl la ke Jezi te mouri pou peche nou yo, li te antere , epi li te resisite (1 Korentyen 15:1–8). Pòl deklare avèk kouraj: “Mwen pa wont Levanjil la, paske se pouvwa Bondye pou delivrans tout moun ki kwè” (Women 1:16). Levanjil la se pa sèlman yon bon konsèy; se pouvwa ki transfòme lavi epi ki mennen moun soti nan lanmò pou yo viv. Lè nou ankre evanjelizasyon nou an nan verite levanjil la, nou pa konte sou pawòl entelijan oswa agiman konvenkan, men nou konte sou pouvwa Bondye pou sove moun ki pèdi yo. 1 Pye 3:15 mande nou pou nou pare pou eksplike esperans nou genyen an, ki anrasinen nan travay Kris la ki fini an. Pandan w ap pataje lafwa ou, konsantre ousou mesaj senp Jezi a ki chanje lavi—lanmò li, rezirèksyon li, ak padon li ofri tout moun ki kwè.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki jan ou ta eksplike mesaj levanjil la nan pwòp mo pa ou bay yon moun ki poko janm tande l?
- Nan ki fason ou ka raple tèt ou chak jou pouvwa ak bote levanjil la?

LANMOU BONDYE POU MOUN PÈDI YO

Tèks pou Li: **Lik 15:1-10; Jan 3:16-18**

Vèsè pou memorize: **1 Pye 3:15**

Kè Bondye bat pou moun ki pèdi yo. Nan Lik 15:1-10, Jezi rakonte istwa yon mouton pèdi ak yon pyès monnen ki pèdi, li montre kijan Bondye ap pouswiv, ap chache moun ki lwen li yo. Gen yon gwo rejwisans nan syèl la pou yon sèl pechè ki repanti. Jan 3:16-18 fè nou sonje ke Bondye tèlman renmen lèzòm ke li te bay sèl Pitit Gason li a, pa pou kondane yo, men pou sove yo. Evanjelizasyon an ankre nan lanmou sa a—dezi Bondye pou pèsonn pa peri, men pou tout moun repanti epi resevwa lavi ki pap janm fini an. Lè nou pataje levanjil la, nou reflete kè Bondye epi nou rantre nan misyon li a. 1 Pye 3:15 rele nou pou nou pataje esperans nou avèk dousè ak respè, motive pa lanmou, non pa obligasyon. Pandan w ap priye pou lòt moun epi w ap lonje men ba yo, sonje ke chak moun enpòtan anpil pou Bondye. Kite lanmou li pouse w aji.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki jan konprann lanmou Bondye pou moun ki pèdi yo chanje atitid ou anvè evanjelizasyon an?
- Ki moun ou ka entansyonèlman montre lanmou Kris la semèn sa a?

PUISANS SENTESPRI A

Tèks pou Li: Travay 4:8-13, 29-31; Jan 16:7-11

Vèsè pou memorize: 1 Pye 3:15

Evanjelizasyon se pa yon bagay nou fè ak pwòp fòs nou. Nan Travay Apot yo 4:8-13, Pyè ak Jan, ki te 2 pechè pwason òdinè anvan, pwoklame Jezi avèk kran devan yon seri de gwo lidè pisan. Kouraj ak klète yo soti nan Sentespri a, pa nan pwòp kapasite yo. Pita, lè premye legliz la te fè fas ak menas, yo priye pou yo gen kran, epi Sentespri a ranpli yo ankò, li ba yo pouvwa pou yo pale pawòl Bondye a san krent (Travay Apot yo 4:29-31). Jezi te pwomèt ke Sentespri a t ap kondane mond lan pou peche epi dirije moun vin jwenn Li (Jan 16:7-11). Lè nou pataje levanjil la, nou ka fè konfyans ke Lespri Bondye a ap travay—li prepare kè yo, li ban nou pawòl, epi li atire moun vin jwenn Kris la. 1 Pyè 3:15 raple nou pou nou pare pou pataje esperans nou an, men se Lespri a ki ban nou kouraj ak sajès nou bezwen an. Konte sou Sentespri a lè w ap pale epi fè L konfyans pou rezilta yo.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kilè ou te santi Sentespri a tap ede ou pataje lafwa ou oswa ba ou kouraj pou w pataje lafwa ou?
- Kijan ou ka konte plis sou Sentespri a lè ou ap pale ak yon moun sou Jezi?

FIDELITE

Tèks pou li 2 Kor. 5:17-21; Mat 13:1-9, 18-23

Vèsè pou memorize: 1 Pye 3:15

Bondye rele nou pou nou fidèl nan pataje levanjil la, epi kite rezilta yo pou li. Nan 2 Korentyen 5:17-21, Pòl dekri kwayan yo kòm "anbasadè pou Kris la," ki se moun ki resevwa mesaj rekonsilyasyon an. Wòl nou se reprezante Jezi epi pataje mesaj li a, pa pou kontwole kijan moun yo reyaji. Nan parabòl moun k ap simen an (Matye 13:1-9, 18-23), Jezi eksplike ke grenn Pawòl Bondye a tonbe sou diferan kalite tè—gen moun ki resevwa l, gen lòt ki pa resevwa l. Responsablite nou se simen grenn nan fidèlman, fè Bondye konfyans pou l fè moun grandi nan tan li. 1 Pye 3:15 raple nou pou nou toujou pare pou pataje esperans nou, avèk dousè ak respè. Evanjelizasyon se yon vwayaj fidelite—priye, pataje, renmen, epi fè Bondye konfyans ak rezilta a. Lè w ap fini semèn sa a, sonje ke fidelite w nan evanjelizasyon onore Bondye, kèlkeswa rezilta yo vizib ou envizib.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kijan ou ka rete ankouraje epi fidèl nan pataje levanjil la, menm lè ou pa wè rezilta imedyata?
- Ki etap pratik ou ka pran pou ou vin yon anbasadè konsistan pou Kris la nan lavi chak jou ou?

ANKRE NAN REPO A (SABA)

Tèks pou Li **Jenez 2:1-3; Egzod 20:8-11**

Vèsè pou memorize: **Matye 11:28-29**

Depi nan kòmansman, Bondye te etabli yon ritm travay ak repo. Apre sis jou kreyasyon an, Bondye te repoze nan setyèm jou a, li te beni l epi li te fè l vin sen (Jenèz 2:1-3). Pita, li te kòmande pèp li a pou yo “sonje jou repo a, pou yo mete l apa pou Bondye” (Egzòd 20:8-11). Saba pa sèlman konsène repo fizik, men tou mete tan sou kote pou nou sonje bonte ak dispozisyon Bondye. Jezi envite nou vin jwenn li pou nou jwenn vrè repo—pa sèlman pou kò nou, men pou nanm nou (Matye 11:28-29). Saba se yon kado, ki raple nou ke valè nou pa nan pwodiktivite nou, kantite travay ke nou ka fè, men nan lefèt ke nou se pitit Bondye renmen anpil. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, reflechi sou kijan ou ka aksepte plan Bondye pou repo epi fè l konfyans ak tan ou.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki jan egzàn p repo Bondye a chanje fason ou wè travay ak lè w okipe?
- Ki etap pratik ou ka pran pou w mete tan apa regilyèman pou repo Saba a?

REPOZE NAN PROVIZYON BONDYE

Tèks pou Li **Egzod 16:13–30; Dete. 5:12–15**

Vèsè pou memorize: **Matye 11:28–29**

Lè Bondye te bay Izrayelit yo lamann nan dezè a, Li te kòmande yo pou yo ranmase ase pou sis jou, men pou yo pa te dwe ranmase anyen pou setyèm jou a (Egzòd 16:13–30). Sa te yon tèl konfyans—èske yo t ap kwè Bondye t ap bay menm lè yo te sispann travay? Repo jou Saba a se yon ak lafwa, ki fè nou sonje se Bondye ki ban nou manje, se pa pwòp efò nou. Nan Detewonòm 5:12–15, kòmandman jou Saba a lye ak sonje delivrans Bondye bay anba esklavaj. Repo se yon deklarasyon ke nou pa esklav travay, laperèz, oswa enkyetid ankò. Jezi repete envitasyon sa a nan Matye 11:28–29, li rele nou pou nou depoze chay nou yo epi jwenn repo nan Li. Lè nou onore jou Saba a, nou deklare depandans nou sou Bondye ak fidelite li pou satisfè bezwen nou yo.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Nan ki domèn nan lavi ou ki fè ou gen difikilte pou ou fè Bondye konfyans ase pou ou repoze?
- Ki jan pratike Saba a ka ede ou grandi nan lafwa ak depandans ou sou Bondye?

REPO POU KO, LESPRI AK NANM

Tèks pou Li **Som 23:1-6; Mak 6:30-32**

Vèsè pou memorize: **Matye 11:28-29**

Bondye pran swen chak pati nan nou—kò nou, lespri nou, ak nanm nou. Nan Sòm 23:1-6, David dekri Senyè a kòm Bèje li ki fè l kouche nan patiraj vèt epi ki mennen l bò kote dlo a koule pi fre a, pou retabli nanm li. Jezi te bay disip li yo yon modèl ritm repo sa a. Apre yon sezon ministè ki te chaje ak travay, li te di yo: “Vini non, nou menm pou kont nou, nan yon kote ki dezole, epi repoze nou yon ti moman” (Mak 6:30-32). Vrè repo Saba a se plis pase jis pran yon ti repo nan travay; li se yon rafrechisman nan prezans Bondye, kite l retabli nou soti anndan pou rive deyò. Jezi envite nou vin jwenn li ak fatig ak chay nou yo, li pwomèt lap ban nou repo pou nanm nou (Matye 11:28-29). Pandan w ap chèche repo Saba a, sonje se pa sèlman yon kanpe nan travay, men se yon renouvelman ki fèt nan nou pa lanmou ak swen Bondye pou nou.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki pati nan lavi ou—kò, lespri, oswa nanm—ki pi bezwen repo, restorasyon Bondye kounye a?
- Ki jan sa ta sanble si ou ta chèche prezans Bondye entansyonèlman pandan repo Saba ou a?

ADORASYON AK KONTANTMAN

Tèks pou Li **Matye 6:5-13**

Vèsè pou memorize: **Women 12:12**

Saba pa sèlman vle di sispann travay—li vle di pran plezi nan Bondye epi adore Li. Ezayi 58:13-14 mande nou pou nou “rele Saba a yon jou ki fè kè nou kontan, epi yon jou ki sen pou Senyè a, yon jou ki onorab.” Lè nou mete tan apa pou nou repoze, nou gen posibilite pou nou jwi prezans Bondye, kreyasyon Li, ak benediksyon Li yo. Sòm 92, yon chante pou Saba a, debòde ak louwanj pou fidelite Bondye ak lanmou Li ki san fay. Saba a se yon tan pou nou sonje kiyès Bondye ye ak sa Li te fè pou nou, kite rekonesans ak adorasyon ranpli kè nou. Envitasyon Jezi nan Matye 11:28-29 la se pa sèlman pou nou repoze kò nou, men pou nou repoze lesprì nou e jwenn lajwa ak renouvèlman nan Li. Pandan n ap pratike Saba a, se pou l yon jou adorasyon, lajwa, ak plezi nan Senyè a.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kijan ou ka fè jou saba ou a tounen yon moman adorasyon sensè ak plezi nan Bondye?
- Ki aktivite oswa pratik ki ede ou fè eksperyans lajwa ak rekonesans pandan repo ou a?

REPOZE NAN KRIS – VRÈ SABA NOU AN

Tèks pou Li Ebre 4:1-11; Kolosyen 2:16-17

Vèsè pou memorize: Matye 11:28-29

Saba a te toujou la pou l montre nou yon bagay ki pi gran —repo nan Kris la li menm. Ebre 4:1-11 eksplike ke toujou gen yon "repo Saba pou pèp Bondye a," epi nou repo sa a jwenn lè nou fè konfyans nan akonplisman travay Jezi te fè sou kwa a. Nou pa fè efò ankò pou nou jwenn favè Bondye; okontrè, nou repoze nan gras li. Kolosyen 2:16-17 raple nou ke Saba a te yon lonbray, men vrè sibstans lan se Kris la. Jezi envite nou vin jwenn li, depoze chay lou nou yo sou Li, epi jwenn vrè repo pou nanm nou (Matye 11:28-29). Saba a se pa sèlman yon jou, men se yon fason pou nou fè Jezi konfyans chak moman. Lè w ap fini semèn sa a, sonje ke pi gwo repo ou a jwenn nan li nan Jezi —kounye a ak pou tout tan.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki sa sa vle di pou ou repoze nan Kris la, pa sèlman jou Saba a, men chak jou?
- Ki jan ou ka raple tèt ou travay Jezi te fini an lè ou santi ou fatige oswa ou gen chay lou sou ou?

ANKRE NAN JÈN

Tèks pou Li **Jowel 2:12-13; Ezayi 58:3-7**

Vèsè pou memorize: **Matye 6:17-18**

Jèn se plis pase jis rete san manje—se yon disiplin esprityèl ki pwoche nou pi pre Bondye. Nan Matye 6:16-18, Jezi te konnen ke disip li yo ap gen pou fè jèn, men li avèti yo pou yo pa fè jèn kòm pou yo pa fè moun wè yo ap fè jèn, pou fè grandizè. Paske vrè jèn nan se imilye tèt nou devan Bondye, chèche prezans ak favè Li avèk senserite. Jowèl 2:12-13 mande pèp Bondye a pou yo retounen vin jwenn Li ak tout kè yo, “avèk jèn, avèk kriye, ak dèy.” Ezayi 58:3-7 raple nou ke Bondye vle yon jèn ki mennen nan jistis, konpasyon, ak repantans sensè. Jèn ede nou mete distraksyon yo sou kote epi konsantre sou prezans Bondye, mete kè nou an liy ak volonte Li. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, reflechi sou sa sa vle di fè jèn ak bon motivasyon—chèche Bondye, pa chèche apwobasyon lòt moun.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki prensipal motivasyon ou genyen pou fè jèn, e kijan ou ka kenbe atansyon ou sou Bondye?
- Kijan jèn ka ede ou vin pi konsyan de prezans Bondye ak bezwen ou genyen pou Li?

JENE POU DIREKSYON AK KLATE

Tèks pou Li **travay 13:1-5; Esdras 8:21-23**

Vèsè pou memorize: **Matye 6:17-18**

Nan tout Bib la, pèp Bondye a te konn fè jèn lè yo te bezwen direksyon ak klarifikasyon. Nan Travay Apot yo 13:1-5, premye legliz la te konn fè jèn epi priye, ap chèche gidans Bondye pou misyon yo. Pandan yo t ap adore epi fè jèn, Sentespri a te pale, li te mete Banabas ak Sòl apa pou ministè a. Esdras 8:21-23 dekri Esdras k ap mande yon jèn anvan yon vwayaj danjere, li mande Bondye pwoteksyon ak gidans. Jèn se yon fason pou nou imilye tèt nou, rekonèt depandans nou sou Bondye, epi koute vwa Li. Jezi raple nou nan Matye 6:17-18 ke Papa nou wè jèn, li rekonpanse nou lè nou chèche Li sensèman. Lè w ap fè fas ak desizyon enpòtan oswa ensètitud, jèn ka ede w fè bri yo fè silans, konsantre kè w, epi disène gidans ak volonte Bondye.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kilè ou te bezwen gidans ak klète Bondye nan lavi ou?
- Ki jan ou te chèche Li? Ki jan jèn ka vin fè yon pati regilye nan pwosesis ou pou pran desizyon enpòtan?

JENE POU REPANTANS AK RENOUVÈLMAN

Tèks pou Li **Neyemi. 1:3-11; Danyel. 9:1-5, 17-19**

Vèsè pou memorize: **Matye 6:17-18**

Jèn souvan asosye avèk repantans—yon retou sensè vin jwenn Bondye. Lè Neyemi te tandè pale de miray Jerizalèm yo ki te kraze, li te nan lapenn, li te fè jèn, epi li te priye, li te konfese peche pèp li a epi li te chèche mizèrikòd Bondye (Neyemi 1:3-11). Danyèl te fè jèn epi li te priye tou, li te konfese peche Izrayèl yo epi li te sipliyè Bondye pou padon ak restorasyon (Danyèl 9:1-5, 17-19). Jèn ede nou rekonèt bezwen nou genyen pou favè Bondye epi li mennen nou nan yon plas imilite ak depandans. Jezi anseye ke lè nou fè jèn, nou fè sa devan Bondye, pa pou apwobasyon lòt moun (Matye 6:17-18). Fè jèn pou repantans pa vle di nou ganye favè Bondye, men pou nou ouvri kè nou pou travay renouvèlman lia kapab fèt nan lavi nou. Pandan w ap fè jèn, se pou l tounen yon moman pou nou konfese peche w yo, resevwa padon Bondye, epi fè eksperyans renouvèlman esprityèl la nan lavi w.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Èske gen yon aspè nan lavi ou kote ou bezwen chèche padon ak renouvèlman Bondye?
- Ki jan jèn ka ede ou pwoche bò kote Bondye nan moman repantans?

FOS ESPIRITYEL AK DELIVRANS

Tèks pou Li **Matye 4:1-11; Ezayi 58:6-9**

Vèsè pou memorize: **Matye 6:17-18**

Jèn se yon fason pou chèche fòs Bondye nan moman tantasyon ak konba espiyèl yo. Nan Matye 4:1-11, Jezi te fè jèn pandan karant jou nan dezè a anvan li te fè fas ak tantasyon dyab la. Li te apiye sou Pawòl Bondye a ak pouvwa Lespri a, sa ki montre nou ke jèn ka prepare nou pou defi espiyèl yo. Ezayi 58:6-9 dekri kalite jèn Bondye vle a—yon jèn ki detache chenn mekanste yo, ki libere moun k ap sibi opresyon ak enjistis yo, epi ki pote limyè nan fènwa a. Jèn pa sèlman yon kesyon disiplin pèsonèl; li se yon kesyon de chèche pouvwa Bondye pou nou gen yon gwo pwogrè, jistis ak libète. Jezi raple nou nan Matye 6:17-18 ke Bondye wè jèn nou an epi li rekonpanse nou. Lè w ap fè fas ak difikilte, tantasyon, oswa ou bezwen yon gwo pwogrè, jèn ka ede w konte sou fòs ak pouvwa Bondye epi envite travay transfòmasyon Li a nan lavi w.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki batay espiyèl oswa defi w ap fè fas ki mande fòs Bondye?
- Ki jan jèn ka ede ou fè eksperyans pwogrè oswa libète nan yon domèn espesifik nan lavi ou?

ADORASYON E ENTIMITE

AK BONDYE

Tèks pou Li **Lik 2:36–38; Som 63:1–8**

Vèsè pou memorize: **Matye 6:17–18**

Finalman, jèn se yon fason pou nou pwoche pi pre Bondye epi pou nou apwofondi relasyon nou avèk li. Nan Lik 2:36–38, Àn, yon pwofèt, te adore Bondye avèk jèn ak lapriyè pandan plizyè ane, li t ap tann vini Mesi a. Devosyon li te yon akt lanmou ak adorasyon, pa sèlman yon devwa. Sòm 63:1–8 eksprime yon gwo grangou ak swaf pou Bondye, yon anvi pou nou fè eksperyans prezans li ak lanmou san pafè li a. Jèn ede nou mete distraksyon sou kote epi konsantre kè nou sou Bondye, pou nou chèche li anvan tout lòt bagay. Jezi raple nou nan Matye 6:17–18 ke Papa nou wè sa k ap fèt an sekre epi li rekonpanse moun ki chèche li sensèman, ak tout kè yo. Pandan w ap fè jèn, se pou sa kapab yon vrè akt adorasyon—yon ekspresyon dezi ou pou konnen Bondye pi pwofondman epi pou w pran plezi nan prezans li. Se sa vrè jèn nan ye.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kijan ou ka itilize jèn kòm yon fason pou adore Bondye epi grandi nan entimite avèk Li?
- Ki distraksyon ou ta ka bezwen mete sou kote pou w konsantre w plis sou Bondye pandan yon jèn?

ANKRE NAN BON JESYON

Tèks pou Li **Som 24:1-5; Jenez 1:26-31**

Vèsè pou memorize: **1 Korentyen 4:2**

Jesyon kòmanse lè nou rekonèt ke tout bagay se pou Bondye. Sòm 24:1 deklare: “Se pou Seyè a tè a ye ansanm ak tout sa ki ladan l, lemonn antye ansanm ak tout moun ki rete sou li.” Depi nan kòmansman, Bondye te konfye lèzòm responsabilite pou pran swen kreyasyon li a (Jenèz 1:26-31). Nou pa pwopriyetè, men nou se jeran—nou se moun k ap jere resous, tan, talan ak opòtinite Bondye yo. Verite sa a fòme fason nou wè byen nou yo, travay nou, e menm relasyon nou yo. 1 Korentyen 4:2 raple nou ke fidelite se mak yon bon jeran. Bondye rele nou pou nou itilize sa li ban nou pou glwa li ak byen lòt moun. Pandan w ap kòmanse semèn sa a, reflechi sou tout sa Bondye konfye w yo: tan ou, lajan ou, konesans ou, talan ou ak fanmi ou epi reflechi pou w wè kijan ou ka sèvi ak bagay sa yo pou onore Bondye.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki resous, kapasite, oswa opòtinite Bondye konfye ou?
- Ki jan lefèt ke ou konnen ke Bondye posede tout bagay chanje atitid ou anvè sa ou genyen?

FIDELITE NAN JERE LAJAN

Tèks pou Li **Matye 6:19-24; 2 Kor . 9:6-11; Timote 6:17-19**

Vèsè pou memorize: 1 Korentyen 4:2

Lajan se youn nan domèn ki pi palpab kote jerans lan pase eprèv. Jezi anseye nan Matye 6:19-24 ke nou pa ka sèvi Bondye ak lajan an menm tan. Li rele nou pou nou anpile trezò nan syèl la, pa sou tè a, li raple nou ke kè nou swiv envestisman nou yo. Pòl ankouraje nou pou nou bay jenewozite nan 2 Korentyen 9:6-11, li pwomèt ke Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan epi l ap bay tout sa nou bezwen pou nou ka ranpli ak tout bon zèv. 1 Timote 6:17-19 ankouraje kwayan yo pou yo pa mete espwa yo nan richès, men pou yo rich nan bon zèv, jenewozite (moun ki bay ak lajwa), epi ki toujou dispoze pou pataje ak lòt ki nan bezwen. Antanke jeran, nou gen misyon pou nou jere finans nou yo avèk sajès, jenewozite, ak pèspektiv etènèl. 1 Korentyen 4:2 raple nou ke yo egzijè fidelite nan men jeran yo. Pandan w ap konsidere finans ou yo, mande Bondye pou l ede w onore Li ak chak dola, ak chak byen ou posede.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Nan ki fason ou ka pratike jenewozite ak yon jesyon saj ak finans ou yo?
- Ki jan apwòch ou anvè lajan reflekte konfyans ou nan Bondye kòm moun ki ba ou tout sa w bezwen?

TAN AK TALAN

Tèks pou Li Efez. 5:15–21; Wom. 12:3–8; Kol. 3:23–24
Vèsè pou memorize: 1 Korentyen 4:2

Tan ak talan se kado Bondye ban nou, li konfyè nou pou objektif li yo. Efezyen 5:15–21 ankouraje nou pou nou “fè atansyon ak fason n ap mache. Pa tankou moun ki pa gen sajès, men tankou moun ki saj. Se pou nou byen sèvi tan nou.” Chak jou se yon opòtinite pou nou sèvi Bondye ak sèvi lòt moun. Women 12:3–8 anseye nou ke nou chak gen don inik ke Bondye ban nou, pou nou itilize pou bati kò Kris la. Kit se don pou anseye, sèvi, ankouraje, priye, chante, preche, oswa dirije, Bondye rele nou pou nou itilize yo fidèlman. Kolosyen 3:23–24 raple nou pou nou travay ak tout kè nou, tankou se pou Senyè a epi non pa pou lèzòm, paske nou konnen vrè rekonpans nou soti nan Bondye. 1 Korentyen 4:2 rele nou ankò pou nou jeran fidèl. Pandan n ap reflechi sou tan ak talan nou yo, konsidere kijan nou ka envesti yo nan fason ki onore Bondye epi beni lòt moun.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Ki don oswa kapasite Bondye ba ou, e kijan w ap itilize yo pou glwa li?
- Kijan ou ka plis konsantre sou tan ou pou sèvi Bondye ak lòt moun semèn sa a?


KREYASYON AK RELASYON

Tèks pou Li **Jen. 2:15; Som. 8:3-9; Wom. 12:9-18**

Vèsè pou memorize: **1 Korentyen 4:2**

Apèl Bondye pou jere byen ale pi lwen pase lajan ak talan —li gen ladan l pran swen kreyasyon Li a ak relasyon nou yo. Nan Jenèz 2:15, Bondye te mete Adan nan jaden an “pou travay li epi konsève li,” sa ki montre ke pran swen kreyasyon an fè pati responsablite orijinal nou. Sòm 8:3-9 admire wòl limanite/lèzòm nan mond Bondye a, li konfye responsablite sou tout sa Li te kreye. Jere byen vle di tou nouri relasyon ki an sante ak plen lanmou. Women 12:9-18 rele nou pou nou gen lanmou sensè, ospitalite, lapè ak imilite nan entèraksyon nou, nan relasyon nou ak lòt moun. Chak relasyon se yon opòtinite pou nou relete lanmou ak gras Kris la. 1 Korentyen 4:2 raple nou ke yo egzije fidelite nan men jeran yo nan tout domèn. Pandan w ap konsidere enpak ou genyen sou mond lan ak moun ki bò kote w yo, mande Bondye pou l ede w onore Li nan fason w pran swen kreyasyon an epi renmen lòt moun.

- Idantifye yon bagay ou te wè nan pasaj jodi a ke ou ka aplike nan pwòp lavi ou?
- Kijan ou ka vin yon pi bon jeran kreyasyon Bondye a nan lavi chak jou ou?
- Ki etap ou ka pran pou ranfòse epi onore relasyon ou yo kòm yon pati nan jerans ou?





Chak moman se yon opòtinite

Every Moment Holy ofri litiji pou moman chak jou—tankou fè fèt ak zanmi, lave rad, oswa netwaye kay—pou raple nou ke menm ti bagay òdinè yo sakre. Objektif priyè sa yo se ede nou remake prezans konstan Bondye epi rekonèt siyifikasyon etènèl ki mele nan chak ti moman yo.

Pale de Jezi san pè , san ke sotè

E si pataje lafwa ou te yon bagay natirèl menm jan ak pale de travay ou, fanmi ou, oswa pastan ou? Pataje Jezi san ou pa pè montre ke evanjelizasyon pa bezwen yon bagay ki difisil oswa ki gen presyon—se senpleman fè konvèsasyon chak jou avèk entansyon. Avèk yon bon ekout epi yo bon relasyon, nenpòt moun ka pataje Jezi natirèlman kòm yon pati nan lavi chak jou a. Liv sa a se pa yon liv teyoloji; men se yon gid pratik pou fè konvèsasyon sou levanjil yo tounen yon pati nòmal nan fason ou viv. Pa gen strès. Pa gen pè. Pataje lanmou Jezi tout kote!!





Yon ti gid tout kou sou jenewozite Levanjil la

Nou ap viv nan yon kilti obsede avèk lajan ak byen materyèl—nou toujou vle plis, men nou pa janm santi nou an sekirite. Mantalite sa a souvan menm rive aplike nan fason nou jere tout kado Bondye ban nou yo: tan nou, talan nou, fanmi nou, e menm lavi nou. Jenewozite Levanjil la montre nou ke Levanjil la se sèl remèd pou geri atitud egoyis sa a. Anrasinen nan kado sakrifis Pitit Gason Bondye a, vrè jenewozite a soti nan yon kè ki transfòme—yon kè ki kenbe resous yo yon fason ki pa twò strik epi ki bay ak kè kontan pou objektif Bondye yo. Liv sa a envite lektè yo pou yo wè tout sa yo genyen kòm pou Bondye epi pou yo bay kòm yon repons a sa Kris la te fè. Jenewozite kòmanse ak Levanjil la epi li egziste pou l fè Levanjil la avanse.

Tout liv sa yo ak anpil lòt disponib sou entènèt nan www.fitbooks.com oubyen nan magazen Ocoee FIT Books nan 9567 W Colonial Dr. Ocoee, FL 34761.

Worship Playlists, PDF booklets, and others



GATHERING TIMES

**Traditional Service
8:30 am**

**Life Groups
9:45 am**

**Contemporary Service
11 am**

**Wednesday Groups
6:30 pm**



**(407) 293-4571
700 Good Homes Road
Orlando, Florida 32818**